



Men kisa ou dwe konnen nan Eleksyon Lokal 20 avril 2021 yo...

KIJAN POU MWEN KONNEN SI MINISIPALITE MWEN PA ÒGANIZE ELEKSYON?



Tcheke avèk grefye vil ou ki rele Municipal Clerk ou, oubyen mande grefye konte an, ki rele County Clerk. Jwenn enfòmasyon kontak County Clerk ou nan sit entènèt **Vote.NJ.Gov**. Note byen, se pa tout minisipalite ki pral fè eleksyon.

ÈSKE MWEN KAPAB VOTE AN PÈSÒN?



Ou kapab vote an pèsòn nan biwo vòt ou nan jou eleksyon an ki se 20 avril. Pral genyen mezi ki pran pou ako-mode moun ki andikape. Vizite sit entènèt **Vote.NJ.Gov** pou jwenn biwo vòt ou, ki make sou paj adrès biwo vòt Polling Locations lan. Orè an kapab varye selon minisipalite an, donk silvouplè verifie avan ou ale avèk grefye minisipalite ou.

KIJAN MWEN KAPAB FÈ APLIKASYON POU YON BILTEN VOTE-BY-MAIL?



Elektè yo ki enskri yo kapab fè aplikasyon pou yon bilten; se pou yo chwazi ant opsyon sa yo:

- 1... Ale sou paj Vote By Mail lan sou sit **Vote.NJ.Gov** lan, epi telechalje epi enprime yon Aplikasyon pou yon bilten Vote by Mail. Answit, voye pa lapòst oubyen depoze aplikasyon ou fin ranpli an bay grefye konte ou. Pou ou kapab resewa bilten ou nan lapòst, se pou grefye konte an resewa nan dat 13 avril kòm denye limit.**
- 2... Fè aplikasyon ou an pèsòn avèk grefye konte ou avant dat limit 19 avril a 3:00 nan apremidi. Jwenn detay kontak yo pou grefye konte oubyen County Clerk ou nan sit **Vote.NJ.Gov**.**

KIJAN MWEN KAPAB REMÈT BILTEN PA LAPÒST MWEN AN?

Se yon bagay fasil. Tou senpleman **VOTE, SIYEN, KACHTE, RETOUNEN**. Sepandan, si ou deside retounen li, silvouplè note **dat avèk lè limit yo varye selon minisipalite yo**, donk verifie alavans avèk grefye minisipal ki rele Municipal Clerk ou.

- 1... Lapòst:** Se pou li nan lapòst avèk kachè lapòst ki gen dat 20 avril oubyen avan sa.
- 2... Bwat Depo Sekirize:** Mete li nan youn nan bwat depo pou bilten yo ki ann izaj pou eleksyon 20 avril lan. Ou kapab jwenn adrès bwat depo yo sou sit **Vote.NJ.Gov**.
- 3... Biwo Komisyon Elektoral:** Depoze bilten ou an pèsòn bay Biwo Komisyon Elektoral nan konte ou an avan biwo vòt lan fèmen nan dat 20 avril. Ou kapab jwenn enfòmasyon kontak pou Ofisyèl Elektoral Konte ou an sou sit **Vote.NJ.Gov**.

NÒT: Si ou genyen yon bilten pou vote-nan-lapòst, ou PA KAPAB depoze li nan biwo vòt ou pou eleksyon sa a.

KIJAN POU MWEN ENSKRI POU VOTE?




Se pou ou enskri avan dat limit 30 mas pou ou kapab vote nan eleksyon lokal 20 avril 2021 an. Vizite sit **Vote.NJ.Gov** pou enskri pou vòt lan sou entènèt oubyen pou verifie stati enskripsyon elektè ou an.

KI KOTE MWEN KAPAB JWENN PLIS ENFÒMASYON OUBYEN YON ASISTANS?



Pou tout detay epi plis repons, vizite **Vote.NJ.Gov**, kontakte ofisyèl elektoral nan lokalite ou, oubyen telefone liy enfòmasyon elektè ki rele Voter Information and Assistance Line nan nimewo **1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)**.



Gouvènè Phil Murphy
Sekretè Deta Tahesha Way

Vote.NJ.Gov
1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)

